

**Pa President  
Dieter F. Uchtdorf**

Dezyèm Konseye  
nan Premye Prezidans lan



# Poukisa nou bezwen pwofèt?

**P**aske Papa nou ki nan syèl la renmen pitit li, li pa kite yo mache nan lavi mòtèl la san direksyon ak gidans. Ansèyman Papa nou ki nan syèl la se pa kalite enstriksyon òdinè, previzib, ak mwayen nou kapab jwenn nan nenpòt lib nan libreri ki tou pre a. Yo se sajès yon Èt selès toupuisan, rekoni, ki renmen pitit li. Andedan pawòl li yo nou jwenn pi bon sekre ki egziste a—kle bonè nan lavi sa a ak nan mond ki gen pou vini an.

Papa nou ki nan syèl la revele pitit li yo sou tè a sajès li palentèmedyè sèvitè li, pwofèt yo (gade Amòs 3:7). Depi nan epòk Adan, Bondye ap pale avèk pitit li palentèmedyè moun chwazi ki te resevwa tach pou revele volonte li ak konsèy li bay lòt moun. Pwofèt yo se enstriktè enspire e yo se temwen espesyal Jezikri tout tan (gade D&A 107:23). Pwofèt yo pale non sèlman ak moun nan epòk pa yo, men yo pale ak moun nan tout epòk tou. Vwa yo travèse syèk yo kòm yon temwayaj konsènan volonte Bondye pou pitit li yo.

Tan sa a pa diferan avèk ansyen tan yo. Senyè a pa renmen moun nan epòk pa nou yo mwens pase nan tan pase yo. Youn nan bèl mesaj Retablisman Legliz Jezikri a sèke Bondye kontinye pale avèk pitit li! Li pa kache nan syèl la men li pale jodia menmjan l te fè nan tan ansyen yo.

Pifò nan sa Senyè a revele pwofèt li yo se nan entansyon pou anpeche chagren pou nou menm endividyèlman ak pou sosyete yo. Lè Bondye pale, li fè sa pou anseye, enspire, rafine, ak avèti pitit li yo. Lè moun ak sosyete inyore enstriksyon Papa nou ki nan syèl la, yo fè sa avèk risk pou yo sibi eprèv, soufrans, ak tribilasyon.

Bondye renmen tout pitit li. Se poutèt sa li egzòte nou anpil palentèmedyè pwofèt li yo. Memmjan nou renmen sa ki pi bon pou fanmi nou an, Papa nou ki nan syèl la vle sa ki pi bon pou nou. Se poutèt sa enstriksyon l yo si enpòtan ak pafwa si ijan konsa. Se poutèt sa li pa abandone nou jodia men li kontinye revele nou volonte li palentèmedyè pwofèt li yo. Fiti nou ak fiti mond lan depann sou kijan n ap koute ak suiv pawòl Bondye revele pou pitit li yo.

N ap jwenn enstriksyon presye Bondye bay kretyen vivan yo sou tè a nan Bib la, Liv Mòmmon an, Doktrin ak Alyans yo, ak Pèl Gran Pri a. Epitou, Senyè a pale avèk nou palentèmedyè sèvitè l yo, menmjan l pral fè sa ankò nan pwochen konferans jeneral la.

Pou tout moun k ap mande èske sa se verite—ki gen dwa ap mande tèt yo: “Èske l posib pou Bondye pale avèk nou jodia?”—avèk tout kè mwen, m ap envite nou pou nou “vin wè” (Jan 1:46). Li pawòl Bondye yo ki

nan ekriti yo. Koute konferans jeneral la avèk yon zòrèy dispoze pou koute vwa Bondye ki transmèt pa pwofèt dènne jou yo. Vini, koute, epi gade avèk tout kè nou! Paske si nou chèche “avèk yon kè sensè, avèk yon entansyon reyèl, si nou gen lafwa nan Kris la [Bondye] ap montre nou se verite, pa pouvwa Sentespri a” (Mowoni 10:4). Pa pouvwa sa a epi avèk li, mwen konnen ke Jezikri vivan e l ap dirije Legliz li a atravè yon pwofèt vivan, Prezidan Thomas S. Monson.

Frè m ak sè m yo, Bondye pale avèk nou jodia. Epi li vle pou tout pitit li yo koute ak obeyi pawòl li yo. Si nou fè sa, Senyè a ap beni nou ak soutni nou anpil, nan lavi sa a e atravè mond ki gen pou vini yo.

## JÈN YO

### Dirije pa yon pwofèt vivan

Pa christy Ripa

**L**è m te gen 16 an, mwen te gen opòtinite pou ale nan yon konferans jeneral pou lapremyè fwa. Fanmi m t ap viv nan Lwès Oregon, nan Etazini, e nou te kondi ale Utah pou asiste konferans lan ak

pou mennen gran frè m nan nan sant fòmasyon misyonè yo.

Mwen te ale nan konferans lan avèk yon dezi pou m resevwa ansèyman Sentespri a. Kòm rezilta, mwen te resevwa yon manifestasyon nan men Lespri a ke siman m pa t ap janm resevwa si m pa t prepare tèt mwen.

Pandan youn nan sesyon yo, tout moun te kanpe pou chante avèk kongregasyon an: “Vers Sion, cité promise.” Pandan nou t ap chante, mwen te santi enpresyon fò pou m te gade toutotou Sant Konferans lan. Mwen te fè sa e m te frape pa pouvwa inite demilye moun ki te la yo pandan nou tout t ap leve vwa nou nan louwanj pou Bondye a.

Lè sa a, mwen te fè yon eksperyans kote m te santi m tankou Nefi lè l te fè vizyon pyebwa lavi a, paske Lespri a te di m: “Gade” (gade 1 Nefi 11–14). Mwen te gade Prezidan Thomas S. Monson e m te santi ke inite Legliz la egziste paske nou dirije pa yon pwofèt vivan. Gras avèk temwayaj sa a Sentespri a te ban mwen an, mwen konnen Prezidan Monson se vrè pwofèt pou epòk pa nou an, e mwen konnen Jezikri ap dirije Legliz sa a palentèmedyè li.



Lafwa, Fanmi, Sekou

## Pitit fi m yo nan wayòm mwen an

*Etidye materyèl sa a epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon yo pou ede ou fòtifye sè w ap vizite yo ak pou fè Sosyete Sekou vin yon pati aktif nan pwòp lavi pa ou.*

**N**ou se pitit fi Papa nou ki nan Syèl la. Li konnen nou, li renmen nou, e li gen yon plan pou nou. Yon pati nan plan sa a se vini nou sou tè a pou aprann chwazi ant byen ak mal. Lè nou chwazi pou respekte kòmandman Bondye yo, nou onore li e nou rekonèt idantite nou kòm pitit fi Bondye. Sosyete Sekou ede nou sonje eritaj diven sa a.

Sosyete Sekou ak istwa li fòtifye nou e soutni nou. Julie B. Beck, Prezidan jeneral Sosyete Sekou a, te di: “Antanke pitit fi Bondye, n ap prepare pou n resevwa afektasyon etènèl e nou chak gen yon idantite, yon nati, ak yon responsablite feminen. Siksè fanmi nou, kominote nou, Legliz sa a, ak plan sali presye a depann sou fidelite nou. . . . [Papa nou ki nan syèl la] vle pou Sosyete Sekou ede edifye pèp li a ak prepare yo pou benediksyon tanp yo. Li kreye òganizasyon sa a pou oryante pitit fi l yo nan travay li a ak pou angaje yo pou pote èd nan edifye wayòm ni an ak fòtifye fwaye Siyon yo.”<sup>1</sup>

Papa nou ki nan syèl la ba nou travay byen presi pou ede bati wayòm ni an. Li ba nou benediksyon don espiyèl nou bezwen yo pou akonpli travay espesifik sa

a. Palentèmedyè Sosyete Sekou, nou jwenn opòtinite pou itilize don nou yo pou fòtifye fanmi yo, pou ede moun ki nan bezwen, ak pou aprann kijan pou nou viv antanke disip Jezikri.

Prezidan Dieter F. Uchtdorf, Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan, te di anpalan de disip: “Lè nou mache avèk pasyans sou chemen disip la, nou montre tèt nou grandè lafwa nou ak dispozisyon nou pou aksepte volonte Bondye olye de volonte pa nou.”<sup>2</sup>

Annou sonje nou se pitit fi Bondye epi efòse nou pou nou viv antanke disip li. Lè nou fè sa, n ap ede bati wayòm Bondye a isit sou tè a epi n ap vin diy pou retounen nan prezans li.

### **Apati istwa nou**

Jou 28 Avril 1842 a, Pwofèt Joseph Smith te di sè Sosyete Sekou yo: “Kounyeya, yo mete nou nan yon sityasyon kote nou ka aji selon santiman Bondye te plante nan [nou] yo. . . . Si nou viv alawotè privilèj nou, yo pap ka anpeche zanj yo vin asosye avèk nou.”<sup>3</sup>

Pandan l te rekonèt pouvwa Sosyete Sekou pou sèvi lòt moun ak pou ede moun grandi nan lafwa,

Zina D. H. Young, twazyèm prezidan jeneral Sosyete Sekou, te pwomèt sè yo, an 1893: “Si nou fouye kè nou, n ap jwenn, avèk èd Lespri Senyè a, pèl gran pri a, ki se temwayaj konsènan travay sa a.”<sup>4</sup>

### **NÒT**

1. Julie B. Beck, “‘Daughters in My Kingdom’: The History and Work of Relief Society,” *Liahona*, Nov. 2010, 112, 114.
2. Dieter F. Uchtdorf, “The Way of the Disciple,” *Liahona*, Me 2009, 76.
3. Joseph Smith, nan *History of the Church*, 4:605.
4. Zina D. H. Young, “How I Gained My Testimony of the Truth,” *Young Woman’s Journal*, Apr. 1893, 319.

### **Apati ekriti yo**

Zakari 2:10; Doktrin ak Alyans 25:1, 10, 16; 138:38–39, 56; “Fanmi an: Yon pwoklamasyon pou mond lan” (*Liahona* ak *Ensign*, Nov. 2010, 129)

### **Kisa m ka fè?**

1. Kijan m ka ede sè m ap anseye yo atenn potansyèl yo antanke pitit fi Bondye?
2. Kijan m ka aplike nan lavi pa mwen konsèy ak avètisman yo bay fi yo nan Doktrin ak Alyans 25 la?

Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).